



**Kisa Granmoun
yo Dwe
Konnen Sou
Anpwazònman
ak Plon**



Plon se yon metal danjre ki pa bon pou ni timoun ni granmoun. Ekspozisyon a plon ka lakòz:

- Pwoblèn aprantisaj ak konpòtman kay timoun
- Tansyon wo
- Donmaj nan sèvo oswa nan ren
- Pwoblèm sante repwodiktif, tankou dechay anòmal, pwoblèm ereksyon (enpuisans), enfètélite (pa kapab fè pitit) ak fos kouch (pèdi gwosès)

**Plon an ka antre nan kò ou
lè w ap respire pousyè oswa vapè
plon, lè ou mete men ou nan bouch
ou lè ou fin manyen sifas oswa
pwodui ki fèt ak plon oswa ki gen
plon ladan yo, oswa lè ou manje
pwodui ki gen plon.**

**Pifò moun ki fè anpwazònman ak
plon pa ni parèt ni santi yo malad.
Yon tès san se sèl fason pou konnen
si ou te ekspoze a plon.**

Sous Plon

Lye travay la se sous kote granmoun ki pa ansent ekspoze pi souvan a plon. Men kèk egzanp djòb ak aktivite ki gen gwo risk:

- Netwaye zòn ki kontamine ak plon
- Bati oswa kraze bilding, pon oswa tinèl
- Sèvi ak zouti elektrik sou metal ki gen plon ladan (paregzanp, pwojeksyon abrazif ak dekoupaj ak chalimo)
- Grate pandan yo sèch, sable pandan yo sèch, braze, soude, oswa fonn penti oswa pwodui ki gen plon ladan
- Resikle batri, aparèy elektwonik oswa feray
- Renove kay oswa bilding ki te bati anvan 1978
- Ranje machin, bato oswa aparèy elektwonik
- Restore oswa ranje bagay antik, sa gen ladan mèb
- Travay avèk bal ki gen plon ladan yo oswa tire yo
- Fè bal oswa plon pou lapèch
- Sèvi ak penti, pigman oswa vèni ki gen plon
- Travay avèk vito, potri oswa bijou
- Fonn plon

Si w ap travay avèk oswa bò plon, patwon ou dwe pran prekosyon sa yo pou ou ka ekspoze a plon an mwens:

- Bay fòmasyon sou pwoteksyon kont plon ak ekipman pwoteksyon pèsònèl, tankou rad pwoteksyon, respiratè ak tèl ajisteman.
- kenbe zòn travay plon yo separe de zòn san plon yo, epi bay zòn pwòp pou manje ak chanje rad.
- Bay enstalasyon pou lave men ak douch.
- Sèvi ak aparèy aspirasyon ak lòt zouti pou redui pousyè ak vapè plon.
- Ofri tèl plon nan san regilyèman.

Pale ak patwon ou si ou panse ou gen dwa ekspoze a plon nan djòb ou. Si patwon ou pa ranje pwoblèm nan, rele Administrasyon ki Responsab Sante ak Sekirite nan Travay la (Occupational Safety and Health Administration, OSHA) nan 800-321-6742 epi mande li enspekte kote w ap travay la, oswa depoze plent nan [osha.gov/contactus](https://www.osha.gov/contactus). OSHA p ap di patwon ou kiyès ki kontakte li.



Gen lòt sous plon ou jwenn pi souvan pami granmoun ki ansent. Sa yo gen ladan:

- Sèten pwodui konsomasyon tradisyonèl, tankou renmèd natirèl, manje ak epis, pwodui kosmetik ak poud relijye, istansil kizin, ak kouvè
- Bagay ki pa manje, tankou ajil, tè, potri kraze ak mòso penti, si ou mete yo nan bouch ou

Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwodui ou dwe evite, ale sou nyc.gov/hazardousproducts.



Pwoteje Tèt Ou ak Fanmi Ou kont Plon

Pandan w ap travay oswa ap fè aktivite ou renmen:

- Pa ni manje, ni bwè ni fimen nan zòn travay yo.
- Lave men ou ak figi ou anvan ou manje, bwè oswa fimen.
- Sèvi ak ekipman ki pa gen plon depi sa posib.
- Mete rad pwoteksyon ak yon respiratè pwòp, ki byen chita, k ap pirifye lè a.

- Sèvi ak pratik travay san danje epi ak metòd netwayaj mouye pou redui pousyè.
- Pa janm ni sable ni grate penti ki sèch.
- Wete rad ak soulye travay ou anvan w ale lakay ou oswa anvan ou monte nan machin ou. Kenbe rad travay yo nan yon sak apa.
- Lave kò ou ak pran douch anvan ou kite travay la.





Pou evite pote plon lakay ou:

- Lave men ou anvan ou manje, bwè oswa fimen.
- Wete soulye ou anvan ou antre lakay ou.
- Evite sèvi ak pwodui konsomasyon tradisyonèl ou konnen ki genyen plon.
- Pa janm ni manje ni moulen nan bouch ou bagay ki pa manje.
- Lave rad travay yo apa si ou oswa yon moun lakay ou gen yon djòb oswa yon aktivite li renmen kote li annafè ak plon.

Mande pwofesyonèl medikal ou pou fè tès plon nan san si ou panse ou oswa yon moun lakay ou gen risk pou li te ekspoze a plon. Pou yo ede ou jwenn yon pwofesyonèl medikal, rele **311**.

Pou jwenn plis enfòmasyon,
ale sou **nyc.gov/lead**.